

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi dina bab 4, aya tilu hal nu bisa dicindekkeun patali jeung wujudiah polah ucap dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna.

Wujudiah pragmatik nyoko kana cara napsirkeun ma’na ti panyatur. Kapanggih aya 182 omongan nu mangrupa polah ucap. Éta polah ucap téh mibanda wanda, pungsi, jeung sipat nu tangtu.

Wanda polah ucap kapanggih dina hasil panalungtikan nu nyoko kana tilu rupa nyaéta lokusi, ilokusi, jeung perlokusi. Minangka polah ucap nu eusina pikeun ngawarkeun, polah ucap lokusi jumlahna panglobana dipaké nyaéta (49 omongan). Ari nu pangsaetikna dipaké (14 omongan) nyaéta ilokusi, anu eusina pikeun ngawarkeun sangkan milampah hiji hal. Hiji deui perlokusi minangka polah ucap nu eusina pikeun milampah hiji hal aya di tengah-tengah (46 omongan).

Pungsi polah ucap nu kapanggih dina hasil panalungtikan aya opat rupa nyaéta komisif (55 omongan), impositif (47 omongan), éksprésif (58 omongan), jeung asértif (9 omongan).

Tina (58 omongan) pungsi komisif nu panglobana dipaké nyaéta komisif pananya (48 omongan), ari nu pangsaetikna dipaké (3 omongan) nyaéta komisif jangji. Sedengkeun sésana komisif tawaran jumlahna (4 omongan).

Tina (47 omongan) fungsi impositif nu panglobana dipaké nyaéta impositif nitah (16 omongan), ari nu pangsaetikna dipaké nyaéta impositif panggeuri (1 omongan). Sésana impositif paménta (2 omongan), impositif pamaksa (5 omongan), impositif pangajak (6 omongan), impositif panyarékan (5 omongan), impositif pangwawadi (5 omongan), impositif pangjurung (2), impositif pangbagea (3 omongan), jeung impositif anjuran (2)

Tina (58 omongan) pungsi éksprésif nu panglobana dipaké nyaéta éksprésif nyarékan jeung éksprésif kakagét anu masing-masing jumlahna (10 omongan), ari nu pangsaetikna dipaké nyaéta éksprésif kabungan jeung éksprésif kageuleuh nu

**Eri Indriani, 2019**

*WUJUDIAH POLAH UCAP DINA NASKAH DRAMA “MOJANG DUA RÉBUAN” KARYA DADAN SUTISNA (ULIKAN PRAGMATIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masing-masing junmlahna (1 omongan). Sésana éksprésif kahariwang (7 omongan), éksprésif karumasaan (4 omongan), éksprésif kabingung (7 omongan), éksprésif tumamprak (3 omongan), éksprésif kakuciwa (7 omongan), éksprésif panghaturan (2 omongan), éksprésif ngupahan (3 omongan), jeung éksprésif kukulutus (3 omongan).

Sipat polah ucap anu kapanggih dina hasil panalungtikan nyoko kana tilu rupa nyaéta polah ucap langsung literal, polah ucap teu langsung literal, jeung polah ucap langsung iliteral. Minangka polah ucap nu eusina pikeun nepikeun omongan maké modus kalimah jeung nu luyu jeung maksudna, jumlahna kaitung panglobana dipaké (90 omongan). Ari nu pangsaeutikan dipaké (1 omongan) nyaéta polah ucap langsung iliteral nu eusina pikeun ngedalkeun omongan maké modus anu luyu jeung maksud omongan, tapi kekecapan nu dipakéna teu mibanda harti nu sarua jeung maksud panyaturna, jeung polah ucap teu langsung iliteral nyaéta omongan anu modus jeung harti kalimahna teu luyu jeung maksud kedalingna. Hiji deui polah ucap teu langsung literal nu kapanggih (3 omongan), eusina pikeun ngedalkeun omongan nu dikedalkeun ku modus jeung harti nu teu luyu jeung maksud kedalingna, tapi kekecapan nu dipakéna luyu jeung maksudna.

## 1.2 Implikasi

Hasil panalungtikan nu kapanggih bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pragmatik dina karya sastra nyaéta naskah drama. Salian ti éta, pikeun ngeuyeuban ngeunaan polah ucap nu dipaké ku manusa dina lumangsungna komunikasi basa, jeung maham kana maksud sarta faktor nu jadi kasangtukang munculna omongan. Ieu hal téh diperlukeun pikeun maham kana omongan nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa, sangkan maksudna katepikeun, jeung euweuh kasalahpahaman.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkang di luhur, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan medar ngeunaan polah ucap nu aya dina naskah drama “Mojang Dua Rébuan” nu mangrupa karya sastra anyar. Ku kituna perlu aya panalungtikan séjénna ngeunaan polah ucap dina karya sastra buhun sangkan bisa méré bébédaan tina segi basa nu dipakéna.

- b. Dina ieu panalungtikan saukur ngulik jeung medar ngeunaan polah ucap, masih aya kénéh aspék nu can kaguar nu patali jeung ulikan pragmatik, misalna tatabasa komunikatif. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjénna nu patali jeung pragmatik.